



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-820

Sijè: KONFIDANS AK DIVILGASYON DOSYE ELÈV, KONSÈVASYON DOSYE

Kategori: ELÈV

Pibliye: 29 Jen 2009

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye (CR) A-820 CR A-820 ki gen dat 8 jiyè 2008.

#### Chanjman:

- Yo te revize règleman an pou l ka konfòm ak amannman ki nan Lwa federal dapre Lwa sou Dwa pou edikasyon fanmi ak sou konfidansyalite (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA)

#### Nouvo Dispozisyon :

- Enplemane plizyè amannman nan regleman federal dapre FERPA, ki gen ladan:
  - Ajoute oswa revize plizyè tèm defini yo, tankou yon revizyon apwofondi definisyon “enfòmasyon pou idantifye pou pwòp tèt ou (personally identifiable information)”;
  - Kèk chanjman konsènan divilgasyon enfòmasyon pou idantifye:pou pwòp tèt ou pou reyalize objektif pwogram Eta oswa Federal pou fè kontwol ak evalyasyon.
  - Nouvo dispozisyon konsènan enfòmasyon pou idantifye;
  - Nouvo dispozisyon konsènan otantifye idantite kèk pati nan mande aksè nan dosye edikasyon;
  - Nouvo dispozisyon konsènan detèminasyon egzistans sante/sekirite, ansanm avèk egzijans pou relache (divilgasyon) dosye sa yo:
  - Nouvo dispozisyon k ap klarifye lè pou ofisyèl lekòl yo konsidere konsiltan pou tabli regleman:
  - Revizyon ak nouvo dispozisyon konsènan fè etid la;
  - Adisyon ak revizyon nan pwosedi ki enplike anregistreman aksè;
  - Adisyon ak revizyon nan pwosedi ki enplike lòt divilgasyon; ak
  - Revizyon nan moman yo ka transfere dosye edikasyon.
- Presize enfòmasyon modpas (Achievement and Reporting Innovation System, ARIS) la pa ka bay nan telefòn;
- Presize lè ofisyèl lekòl ak estaf gen aksè nan dosye edikasyon san konsantman;
- Presize moman ak kòman lekòl yo ka kenbe dosye pèmanan yo deyò.
- Yo mete non biwo yo ajou.



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-820

Sijè: KONFIDANS AK DIVILGASYON DOSYE ELÈV, KONSÈVASYON DOSYE

Kategori: ELÈV

Pibliye: 29 Jen 2009

### REZIME

Règleman sa a diskite kesyon konfidansyalite ak aksè nan dosye elèv yo, epi li bay enfòmasyon sou egzijans Leta Nouyòk pou konsèvasyon dosye ak kondisyon DOE tabli pou detwi oswa konsève dosye. Li Ranplase Règleman Chanselye A-820 (Chancellor's Regulation A-820), Konfidansyalite ak Divilgasyon Dosye Elèv; Konsèvasyon Dosye, ki te gen dat 8 jiyè 2008.

### I. ENTWODIKSYON

Règleman sa a gen ladan I dispozisyon ki gen pou wè ak Lwa sou Dwa fanmi pou edikasyon ak pou konfidans (20 U.S.C. I232g, règleman federal nan 34 C.F.R. Part 99), ke yo rele jeneralman "FERPA" oswa "Amannman Buckley." "Buckley Amendment".

### II. KI DWA FERPA BAY MOUN?

Gen senk dwa prensipal FERPA bay paran oswa elèv ki elijib:

- Dwa pou yo enspekte epi revize dosye edikasyon nan lekòl kote pitit yo ye a oswa te ye a.
- Dwa pou yo konteste, epi mande lekòl la amande nenpòt pati nan dosye edikasyon elèv la ki pa kòrèk, ki bay movèz enfòmasyon oswa ki vyole dwa elèv la genyen pou konfidans.
- Dwa pou mande lekòl la pou I gen konsantman alekri anvan I divilge enfòmasyon pèsònèl ki kapab idantifye elèv la, eksepte nan sikonstans byen presi kote lalwa pèmèt sa.
- Dwa pou lekòl la enfòme paran yo sou dwa yo genyen selon FERPA
- Dwa pou soumèt yon plent ba Biwo pou règleman fanmi Family Policy Compliance Office nan DOE Etazini pou deklare yo pa refize admèt dwa w yo.

### III. DEFINISYON

- A. Dosye byometrik", jan yo itilize nan definisyon "enfòmasyon pou idantifye pou pwòp tèt ou," vle di yon dosye youn oswa plis karakteristik byolojik mezirab oswa karakteristik konpòtman yo ka itilize pou rekonesans otomatik yon endividé. Egzanp yo gen ladan anprent, motivasyon retin ak iris, anprent vokal, sekans DNA, karakteristik fasyal, ak ekriti alamen.

- B. "Divilgasyon" vle di pèmèt fasilité aksè pou libere, bay transfè, oswa lòt fòm komunikasyon an ki gen rapò ak enfòmasyon pèsonèl idantifyab ki nan dosye edikasyon yo, ba nenpòt ki pati, atravè nenpòt ki mwayen, kit se oral, ekri oswa elektwonik sofsi pati yo idantifye kòm pati ki bay oswa kreye dosye a..
- C. "Dosye edikasyon" vle di dosye sa yo ki gen rapò yo dirèk avèk yon elèv epi Depatman edikasyon kenbe l oswa yon antite k ap jwe wòl Depatman edikasyon. Trimès la gen ladan bagay sa yo, men li pa limite ak sa:
- dosye pèmanan (sa vle di dosye ak/oswa relvenòt konplè, nenpòt dosye medikal DOE, sondaj sou lang elèv pale lakay yo, fòm pou idantifye ras ; dosye konplè sou pèfòmans nan egzamen ak dosye prezans)
  - dosye<sup>1</sup> anplwaye ki bay konsèy pedagojik ak lòt anplwaye ki bay elèv sèvis sipò konsève (paegzanp, dosye sou entèvansyon konseye pedagojik fè, nòt sou entèvyou);
  - Dosye rapò (pa egzanzp rekòmandasyon pwofesè fè ba sansè, rejis sansè a konsève sou mezi li gen pou pran pou fè swivi );
  - Foto ak albòm souvni elèv pou ane lekòl yo; ak
  - dosye ki gen rapò ak elèv k ap travay poutèt kondisyon l antank yon elèv

Dosye yo pa konsidere "dosye edikasyon" gen ladan:

- dosye ke sèl moun ki prepare l la konsève ke yo itilize sèlman kòm yon èdmemwa pèsonèl, epi yo pa bay aksè ni revele l bay okenn lòt moun eksepte yon moun k ap ranplase moun ki prepare dosye a pou yon bout tan.
- dosye yon elèv ki gen laj dizuit ane oswa pi gran ke: (i) yon doktè, sikyat, sikològ, oswa lòt pwofesyonèl oswa asistan pwofesyonèl te fè oswa kenbe nan kad pwofesyonèl kapasite l oswa ede nan nan kapasite asistan l; (ii) fabrike, kenbe, oswa itilize sèlman nan kad tretman elèv la; ak (iii) divilge sèlman bay moun k ap fè tretman an.<sup>2</sup> Pou definisyon sa a, "tretman" pa gen ladan aktivite ratrapaj pedagojik oswa aktivite ki fè pati pwogram enstriksyon ajans/enstitusyon.
- Anplis, dosye anplwaye Depatman Sante yo konsève nan lekòl yo pa konsidere kòm dosye edikasyon. Yo se dosye medikal ki gen rapò ak pwòp egzijans pa yo onivo fòmalite pou kenbe sekèr
- dosye yo te kreye oswa resevwa apre yon moun pa yon elèv ankò epi ki pa dirèkteman gen rapò avèk prezans moun lan kòm yon elèv.
- nòt sou papye lòt elèv korije avan yon pwofesè ranmase ak anrejistre yo.

---

<sup>1</sup> Estaf apwopriye a ta dwe gade dosye sa yo chak ane epi retire materyèl ki pa nesesè oswa ekspire nan dosye elèv la.

<sup>2</sup> Menmsi yo pa mande yon ajans edikasyon pou bay yon elèv ki elijib aksè nan dosye tretman yo, elèv la ka fè yon doktè oswa lòt pwofesyonèl apwopriye gade dosye sa yo pou chwa elèv la.

- D. "Elèv ki elijib" vle di yon elèv ki gen 18 ane, menmsi li pa mèt tèt li, wa ki nan yon enstitisyon ki ofri l edikasyon siperyè.
- E. "Paran" vle di paran yon elèv epi sa gen ladan yon paran natirèl, yon gadò, oswa yon moun ki aji antank yon paran lè yon paran oswa yon gadò absan, paegzanp reprezantan yon ajans foster care sou kontwòl leta, ki founi swen regilyèman pou gad timoun.
- F. "Enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje" gen pami lòt bagay sa yo:
1. non elèv la
  2. non paran elèv la oswa lòt manm fanmi;
  3. adrès elèv la oswa fanmi elèv la;
  4. yon idantifikasiyon pèsònèl tankou nimewo sekirite sosyal elèv la, nimewo elèv la, oswa dosye byometrik
  5. Lòt idantifikasiyon endirèk, tankou dat nesans elèv la, kote li fèt, ak non jèn fi manman l;
  6. lòt enfòmasyon ki, poukontli oswa konbine, gen lyen oswa lye avèk yon elèv espesifik ki ta dwe pèmèt yon yon moun rezonab nan kominate lekòl la, ki pa gen konesans pèsònèl ssou ikonstans pètinant yo, pou idantifye elèv la avèk yon sètitid rezonab; oswa
  7. enfòmasyon yon moun mande ke Depatman edikasyon kwè rezonableman li konnen idantite elèv la kote dosye edikasyon a rapòte a.
- G. "Dosye" vle di nenpòt ki enfòmasyon yo anrejistre pa nenpòt mwayen, tankou men se pa sèlman sa, enfòmasyon ekri, enfòmasyon enprime, palentèmedyè konpitè, sou vidyeo oswa kasèt odyo, fim sou mikwofim ak mikwofich.

#### **IV. AKSÈ AK REVELASYON ENFÒMASYON KI NAN DOSYE ELÈV**

- A. Dispozisyon jeneral ki pwoteje sekrè elèv
1. Konfòmeman a dwa yon endividé genyen pou moun respekte vi prive yon elèv, yo pa ka divilge okenn pati nan dosye edikasyon yon elèv ki gen enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye l, kèlkeswa fason yo te kreye l, bay okenn moun, òganizasyon, oswa ajans nan okenn fason, amwenske gen:
    - a. konsantman<sup>3</sup> byen enfòme alekri paran an oswa elèv elijib la bay apre yo byen reflechi sou sa ; nou mete fòmilè pou bay konsantman ak dokiman sa a kòm Dokiman siplemantè No. 1.
    - b. yon lòd tribinal valab oswa yon konvokasyon pou konparèt devan tribinal ki mande enfòmasyon sa yo (nan ka sa yo, anvan paran oswa elèv elijib la respekte lòd sa a oswa konvokasyon sa a, yo dwe avize yo alekri touswit pou

---

<sup>3</sup> Konsantman alekri siyen ak date ki ka sou fòm elektwonik si li idantifye ak otantifye yon moun patikilye tankou sous elektwonik konsantman an epi endike apwobasyon moun sa a nan konsantman elektwonik enfòmasyon an genyen an.

mete yo okouran enfòmasyon ki nan lòd la oswa konvokasyon an);

- c. yon demand divilgasyon reprezantan otorize ofisyèl yo oswa ajans otorite edikasyon Eta a oswa rejjonal yo ap dirije, Ministè Edikasyon Etazini an, Pwokirè jeneral Etazini, oswa Verifikatè jeneral (Comptroller General) Etazini an fè, epi demand lan fèt dapre yon verifikasiyon, oswa yon evalyasyon pwogram edikasyon ke Gouvènman federal oswa Leta kore, oswa pou aplike oswa respekte egzijans legal Gouvènman federal ki gen rapò ak pwogram sa yo. Yo dwe pwoteje tip enfòmasyon sa a ke yo rasanble a yon fason pou pa pèmèt okenn moun eksepte fonksyonè nou site pi wo a, idantifye moun (amwenske lalwa federal otorize I espesyalman), epitou yo dwe detwi enfòmasyon sa a lè yo pa bezwen I ankò pou rezon nou site yo;<sup>4</sup>
- d. yon ijans nan domèn sante ak pwoteksyon ansanm ak divilgasyon enfòmasyon nan dosye edikasyon pou idantifye yon elèv ba moun apwopriye nesesè pou pwoteje sante oswa sekirite elèv la oswa lòt moun;<sup>5</sup> oswa
- e. yon lòt rezon pou fè sa ke lalwa pèmèt.

Pou kesyon ki gen pou wè avèk validite yon lòd tribunal oswa yon konvokasyon pou konparèt, oswa pou konnen si gen yon ijans nan sante ak sekirite oswa lòt rezon posib pou divilge dosye edikasyon ki gen enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl, yo dwe adrese yo bay Office of Legal Services, New York City Department of Education, 52 Chambers Street, New York, NY 10007, nimewo Telefòn 212-374-6888, nimewo faks 212-374-5596.

2. Yo ka divilge dosye edikasyon oswa enfòmasyon nan dosye edikasyon san konsantman apre yo fin retire tout enfòmasyon idantifikasiyon pèsonèl akondisyon yo fè yon detèminasyon rezonab ke idantite elèv la pa pral parèt

---

<sup>4</sup> konfòmeman avèk § 9528 ESEA a, jan Lwa *No Child Left Behind Act ,2001* (P.L. No. 107-110) modifye li a, lekòl dwe bay moun k ap fè rekritman nan lame non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè si yo mande enfòmasyon sa yo. Sepandan, paran/elèv ka retire non yo epi mande pou yo pa divilge enfòmasyon sa yo bay moun k ap fè rekritman nan lame san yo pa bay konsantman alekri.

<sup>5</sup> Yon ijans nan domèn sante oswa pwoteksyon se yon sitiyasyon ki prezante danje imeda oswa ki egzije enfòmasyon imeda pou yo ka evite oswa elimine kondisyon oswa dezòd ki pa òdinè. Nan pran desizyon sa a, Depatman edikasyon ka konsidere tout sikorans ki gen rapò avèk yon menas pou sante oswa sekirite yon elèv oswa lòt moun. Si Depatman edikasyon detèmine gen yon gwo menas serye pou sante ak sekirite yon elèv oswa lòt moun, li ka divilge enfòmasyon dosye edikasyon yo bay nenpòt moun ki bezwen enfòmasyon an pou pwoteje sante ak sekirite elèv la oswa lòt moun. Danje imeda se yon envestigasyon aktif yon krim vyolan ladan touye moun, mete dife, vòlè, agresyon seksyèl, posesyon zam oswa agresyon lè gen rezon valab pou kwè yon elèv aktyèl oswa yon ansyen elèv se yon sisplèk oswa gen enfòmasyon sou envestigasyon an ki nesesè pou pwoteje sante oswa sekirite yon oswa plis elèv oswa lòt moun.

(kèlkeswa atravè youn oswa plizyè divilgasyon, epi yo pran an konsiderasyon lòt enfòmasyon rezonab disponib).

3. Yo dwe itilize metòd rezonab pou idantifye ak otantifye idantite paran, elèv, ofisyèl lekòl, ak tout lòt pati kote yo divilge enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl nan dosye edikasyon.
- B. Aksè paran, responsab ak elèv ki elijib genyen pou ale nan dosye elèv
  1. Lè yon paran oswa yon elèv ki elijib mande pou enspekte oswa wè dosye edikasyon I oswa pitit li, paran an oswa elèv ki elijib la fèt pou gen opòtinite fè sa rapidman. Yo pa bezwen fè yon demand alekri
  2. Dwe gen yon peryòd tan rezonab pou bay moun aksè nan dosye a. Sepandan, peryòd tan an pa fèt pou pi long pase 45 jou apati lè yo resevwa demand paran an oswa elèv elijib la.
  3. Anplis, fonksyonè yo dwe eksplike ak entèprete dosye yo lè yo mande yo bagay rezonab.
  4. Paran oswa elèv elijib dwe resevwa yon kopi dosye yo Lekòl la oswa biwo a ka fè peye yon frè pou kopi yo men frè sa a pa dwe plis pase 25 santim pou yon paj. Sepandan, si peman frè a efektivman anpeche paran oswa elèv elijib la jwi dwa li genyen pou enspekte ak evalye dosye yo, yo pa p fè l peye okenn frè. Paran an oswa elèv la pa kapab retire dosye orijinal la nan lekòl la Yo pa ka fè peye okenn frè pou fè rechèch oswa pou jwenn aksè nan dosye edikatif
  5. Si sikorans anreyalite anpeche paran oswa elèv elijib la jwi dwa li genyen pou enspekte ak revize dosye yo, lekòl la oswa biwo a ap bay moun ki fè demand lan yon kopi dosye yo oswa I ap fè lòt aranjman pou ensksyon ak revizyon dosye yo
  6. Si dosye edikasyon yon elèv gen enfòmasyon pèsonèl pou idantifye youn oswa plizyè lòt elèv, yo pa kapab revele enfòmasyon sa a ba paran an oswa ba elèv elijib la.
  7. Yo pa ka detwi okenn dosye edikatif si yo te deja mande pou enspekte ak revize I, epi yo pa ko pèmèt fè sa. Anplis, si yo dwe detwi nenpòt dosye edikatif, yo dwe detwi I dapre *Orè ED-1 SED tabli pou konsèvasyon ak disponiblite dosye Records Retention and Disposition Schedule ED-1*. Gade Seksyon VIII ki pi ba a.
- C. Aksè nan dosye elèv pou paran ki pa gen gad legal
  1. Si yon paran ki pa gen gad legal, sa vle di, paran ki pa p viv avèk timoun lan, mande pou yo ba I aksè nan dosye elèv la, direktè lekòl la ap avize paran ki gen gad la oswa enstitisyon kote timoun lan rete a pou mete I okouran demand lan. Avi a va fè responsab legal timoun lan konnen ke gen yon demand ki fèt, I ap bay non moun ki fè demand lan ak dat yo te resevwa demand lan. Depi gen posibilité pou sa, yo va ekri avi a nan lang matènèl yo pale lakay elèv la. (Yo mete nan dokiman an yon kopi No. 2 echantyon Avi pou paran ki gen gad elèv osijè demand paran ki pa gen gad legal fè pou I gen aksè nan dosye elèv Notice to Custodial Parent of Request for Access to Student Records by Non-Custodial Parent )

2. Yo pral avize paran ki fè demand lan pou yo fè l konnen ke y ap bay paran ki gen gad legal la opòtinite pou li enfòme lekòl la si gen yon dokiman legal oswa si gen yon lòd tribunal ki retire presizeman dwa paran ki pa gen gad legal la pou l gen aksè nan dosye yo, epi, si yo pa prezante dokiman sa a sou karantsenk jou kalandriye, apati lè lekòl la resevwa demand lan, yo dwe mete dosye yo disponib pou paran ki pa gen gad legal la nan jou ki fè 45yèm jou a pou pi ta. Si paran ki gen gad legal la dakò pou yo bay dosye yo, yo ka bay yo pi vit posib
- D. Aksè paran elèv ki gen 18 ane oswa plis genyen nan dosye  
Lè yon elèv rive nan laj 18 ane, dwa ak konsantman paran an genyen yo transfere soti nan men paran pou ale nan men elèv la. Lekòl la kapab bay elèv la yon dispans ki deklare ke elèv la otorize paran l pou yo egzèse tout dwa ki defini nan Règleman sa a, toutotan ke elèv la kontinye ale lekòl.

Gen yon kopi echantyon fòm konsantman elèv pou paran gen aksè nan dosye elèv ki parèt kòm dokiman No.3) Sepandan, okenn bagay nan seksyon sa a ka anpeche divilgasyon dosye edikasyon yo, oswa enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl nan dosye edikasyon, pou yon paran san konsantman alekri davans yon elèv ki elijib si divilgasyon an gen rapò avèk yon ijans sante oswa sekirite, dapre kondisyon ki te dekri nan Seksyon IV.A.1.d nan regleman sa a.

- E. Aksè anplwaye lekòl ak lòt anplwaye nan Depatman Edikasyon genyen nan dosye elèv la
1. Yo otorize divilgasyon pou lòt administratè lekòl, ki gen ladan pwofesè, nan Depatman edikasyon ki gen enterè edikatif lejitim (jan yo detèmine sa pi ba a), san konsantman elèv ki elijib la oswa paran. Sepandan, yo entèdi pou moun menm anplwaye pwofesyonèl yon lekòl gen aksè nan dosye elèv nenpòt lè lide yo di yo san pèmision.masyon an Yon anplwaye ki se yon manm oswa yon lòt anplwaye DOE k ap chèche gen aksè nan dosye yon elèv anpatikilye, fèt pou l gen yon rezon edikatif lejitim ki jistifye aksè sa a. Se direktè lekòl la oswa chèf biwo a ki pou detèmine validite rezon valab sa a nan domèn edikasyon.
  2. Ajan ki responsab sekirite lekòl (School safety agents, "SSAs") ak manmm oswa fonksyonè Asosyasyon Paran (Parents Association, PA) oswa Asosyasyon pwofesè-paran Parent-Teachers Association (PTA), yo pa ofisyèl lekòl oswa manm estaf epi poutèt sa, yo pa gen otorizasyon pou ale nan dosye elèv.
  3. Yon antreprenè, konsiltan, volontè, oswa lòt pati kote Depatman edikasyon te anboche sèvis enstitisyon yo oswa yo ka konsidere lòt fonksyon kòm yon ofisyèl lekòl si pati eksteryè an :
    - a. pèfòme yon sèvis enstitisyonèl oswa fonksyon kote Depatman edikasyon ta itilize lòt anplwaye;
    - b. sou kontwol dirèk Depatman edikasyon pou itilizasyon ak jesyon dosye edikasyon; ak

- c. sijè pou egzijans Seksyon IV.I.1 nan regleman sa a k ap gouvène itilizasyon ak novo divilgasyon enfòmasyon pou idantifikasyon pèsonèl enfòmasyon nan dosye edikasyon.
  - 4. Yo dwe itilize metòd rezonab pou asire ofisyèl lekòl yo jwenn aksè nan sèlman dosye edikasyon sa yo kote yo gen enterè edikatif lejitim. Si yo pa itilize kontwòl aksè teknologik oswa fizik, yo dwe tabli regleman administratif efikaz pou kontwole aksè nan dosye edikasyon ak respè egzijans enterè edikatif lejitim seksyon sa a dwe rete anplas.
- F. Òganizasyon k ap fè etid jwenn aksè nan dosye elèv yo, oswa, nan non Depatman edikasyon
1. Òganizasyon yo fè etid tout demand kote enfòmasyon pou idantifikasyon pèsonèl nan dosye edikasyon yon elèv ka divilge dwe anpremye adrese bay gwoup sipò, rechèch ak regleman Depatman edikasyon (Department of Education's Research and Policy Support Group). Office of Legal Services dwe apwouve tout akò alekri dapre seksyon sa a.
  2. Yo ka divilge enfòmasyon pou idantifikasyon pèsonèl nan dosye edikasyon yon elèv san konsantman paran yo oswa elèv ki elijib la, akondisyon divilgasyon an se pou òganizasyon k ap fè etid, oswa nan non Depatman edikasyon: (a) devlope, valide, oswa administre tès prediktif; (b) administre pwogram èd pou elèv yo; oswa (c) amelyore enstriksyon.
  3. yo ka divilge enfòmasyon dapre seksyon sa a sèlman si:
    - a. moun ki pa reprezantan òganizasyon an fè etid lan nan yon fason ki pa pèmèt idantifikasyon pèsonèl paran ak elèv yo ki gen enterè edikatif lejitim nan enfòmasyon an;
    - b. Yo detui enfòmasyon an lè yo pa bezwen yo ankò kote yo fin fè etid lan; ak
    - c. Depatman edikasyon antre yon akò alekri avèk òganizasyon an ki: (i) presize objektif la, dimansyon, ak dire etid lan ak enfòmasyon pou yo divilge; (ii) mande òganizasyon an pou itilize enfòmasyon pou idantifikasyon pèsonèl nan dosye edikasyon sèlman pou satisfè objektif etid lan jan sa a detaye nan akò alekri an; (iii) egzije òganizasyon an pou fè etid nan yon fason ki pa pèmèt idantifikasyon pèsonèl paran ak elèv yo, jan sa a defini nan pati sa a, nenpòt moun ki pa reprezantan òganizasyon an ki gen enterè lejitim; ak (iv) egzije òganizasyon an pou detui oswa retounen nan Depatman edikasyon tout enfòmasyon pou idantifikasyon pèsonèl lè yo pa bezwen enfòmasyon an ankò pou objektif kote yo te fè etid la ak presize peryòd kote yo dwe retounen enfòmasyon an oswa detui I.
  4. Yo pa mande Depatman edikasyon pou kòmanse yon etid oswa dakò avèk oswa andose konklizyon oswa rezulta etid la.
  5. Yo itilize tèm "òganizasyon" nan seksyon sa a tankou, men pa limite avèk òganizasyon endependan ak ajans lokal, eta ak federal.

6. Yo ka piblye done anonim sou nivo elèv la nan dosye edikasyon pou fè rechèch nan edikasyon nan mete yon kòd nan chak dosye k ap pèmèt resipyen an pou asosye enfòmasyon l resevwa nan menm sous lan si:
- tout moun sa yo k ap piblye done anonim yo pa pral divilge tout enfòmasyon sou jan yo jenere ak bay yon kòd dosye oswa ki ta ka otorize yon resipyen pou idantifye yon elèv dapre yon kòd dosye;
  - yo itilize kòd dosye pou sèlman idantifye yon dosye anonim pou fè rechèch nan edikasyon epi yo pa ka itilize yo pou verifye enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl sou yon elèv; ak
  - yo pa baze kòd dosye an sou nimewo sekirite sosyal elèv la, nimewo Idantifikasiyon elèv la (tankou nimewo OSIS) oswa enfòmasyon pèsonèl.
- G. Aksè nan Dosye Elèv atravè sistèm inovasyon rezulta ak rapò Depatman edikasyon (Department of Education's Achievement and Reporting Innovation System, ARIS) Ofisyèl lekòl yo ka atravè telefòn, anseye paran ki gen aksè nan ARIS sou kòman pou itilize ak jwenn aksè nan li. Sepandan, yo pa pèmèt divilgasyon pa telefòn dosye edikasyon, enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl, oswa tout enfòmasyon modpas. Yo pa ka reinisyalize modpas ARIS dapre pèmisyon yo bay pa telefòn.
- H. Dokimantasyon demand pou gen aksè
- Yo dwe konsève yon dosye chak demand aksè ak chak divilgasyon enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl nan dosye edikasyon, ansanm avèk non eta ak otorite edikasyon lokal ak ajans ak ofisyèl federal sou lis nan Seksyon IV.A.1.c nan regleman sa a ki ka fè divilgasyon enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl nan dosye edikasyon elèv la san konsantman dapre Seksyon IV.I.2.
  - Yo dwe konsève dosye a avèk dosye edikasyon elèv yo depi yo konsève tout dosye yo.
  - Pou chak demand oswa divilgasyon kote yo dwe kenbe yon dosye, dosye a dwe genyen ladan l:
    - moun ki mande oswa ki resevwa enfòmasyon pèsonèl ki genyen nan dosye edikasyon pou idantifye elèv la.
    - rezon valab ke moun yo genyen pou mande oswa resevwa enfòmasyon an; ak
    - enfòmasyon yo divilge kounye a.
  - Yo jwenn yon kopi dosye divilgasyon siplemantè yo mete disponib dapre Seksyon IV.H.8 nan regleman an kòm repons pou demand elèv ki kalifye oswa paran pou gade dosye obligatwa dapre Seksyon IV.H.1 nan regleman sa a.
  - Yo dwe anrejistre enfòmasyon sa a lè li divilge enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl nan dosye edikasyon dapre eksepsyon ijans sante oswa sekirite nan Seksyon IV.A.1.d nan regleman sa a:
    - Menas enpòtan pou sante ak sekirite yon elèv oswa lòt moun ki te fòme baz divilgasyon; ak

- b. Pati yo te divilge enfòmasyon an ba yo; ak
  - 6. Seksyon IV.H.1 atravè 5 nan regleman sa a pa aplike si demand lan te soti nan, oswa divilgasyon an te nan:
    - a. paran an oswa elèv ki elijib la;
    - b. yon ofisyèl lekòl;
    - c. yon pati ki gen konsantman paran an oswa elèv ki kalifye a; oswa
    - d. yon pati k ap chèche oswa resevwa dosye dapre: (i) yon Federal Gran Jiri oswa yon lòt lòd pou parèt devan lalwa ak aplikasyon ajans/tribinal la pou egzistans kontni enjonksyon an oswa enfòmasyon an repons li pou pa divilge l; oswa (ii) yon òdonans tribunal Ex Parte ke Pwokirè Jeneral Etazini a (oswa reprezantan an pa pi ba a pase yon Asistan Pwokirè Jeneral) la te jwenn konsènan envestigasyon oswa pousuit yon ofans ki te site nan 18 U.S.C. 2332b(g)(5)(B) owa yon aksyon teworis entènasyonal oswa domestik jan sa defini nan 18 U.S.C. 2331.
  - 7. Jan sa a te prevwa nan Seksyon IV.H.8 nan regleman sa a, si Depatman edikasyon divilge enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsònèl nan dosye edikasyon avèk konprenansyon otorize dapre Seksyon IV.I.2 nan regleman sa a, dosye divilgasyon yo te mande dapre seksyon sa a dwe gen ladan:
    - a. non pati anplis yo kote pati a resevwa ka divilge enfòmasyon nan non Depatman edikasyon an; ak
    - b. enterè lejitim kote chak pati anplis genyen pou mande oswa resevwa enfòmasyon an.
  - 8. otorite edikasyon lokal oswa eta a oswa ofisyèl federal oswa ajans te site nan Seksyon IV.A.1.c nan regleman sa a ki fè lòt divilgasyon enfòmasyon nan dosye edikasyon dapre Seksyon IV.I.2 nan regleman sa a dwe anrejistre non pati anplis yo kote y ap revele enfòmasyon nan non Depatman edikasyon an ak enterè lejitim nan enfòmasyon an, si yo te resevwa enfòmasyon an nan:
    - a. yon ajans edikasyon oswa enstitisyon (tankou Depatman edikasyon) ki pa anrejistre lòt divilgasyon; oswa
    - b. yon lòt otorite edikasyon lokal oswa eta a oswa ofisyèl federal oswa ajans te site nan Seksyon IV.A.1.c nan regleman sa a.

Yon otorite edikasyon lokal oswa Eta a oswa ajans oswa ofisyèl federal ki anrejistre lòt divilgasyon enfòmasyon dapre Seksyon IV.H.8 ka konsève dosye klas elèv la, lekòl, distri, oswa lòt gwoup apwopriye pito pase pa non elèv.

Sou demand Depatman edikasyon, kèk ofisyèl ak jans ki konsève yon dosye lòt divilgasyon dwe bay yon kopi dosye lòt divilgasyon nan Depatman edikasyon nan yon peryòd tan rezonab ki pa depase 30 jou.
- I. Yon lòt divilgasyon enfòmasyon
1. Yo ka divilge enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsònèl nan dosye edikasyon sèlman si pati ki gen enfòmasyon an divilge an pa pral bay enfòmasyon bay okenn lòt pati san konsantman avan paran oswa elèv ki elijib la. Ofisye,

anplwaye, ak ajan yon pati k ap resevwa enfòmasyon dapre Seksyon IV.I.1 nan regleman sa a ka itilize enfòmasyon an, men sèlman pou objektif kote divilgasyon an te fèt.

2. Seksyon IV.I.1 nan regleman sa a pa anpeche Depatman edikasyon nan divilgasyon enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl avèk konpreyansyon pati k ap resevwa enfòmasyon ka fèl òt divilgasyon enfòmasyon nan non Depatman edikasyon an si:
  - a. divilgasyon enfòmasyon pou idantifikasiyon nan yon dosye edikasyon elèv la san yo pa otorize yon lòt konsantman; ak
  - b. Depatman edikasyon respekte egzijans Seksyon IV nan regleman sa a; oswa yon pati ki resevwa yon enjonksyon tribunal yon lòd legal ak enfòmasyon pou idantifikasiyon pèsonèl anonim nan dosye edikasyon nan repons ak lòd sa a oswa enjonksyon an dapre Seksyon IV.A.1.b nan regleman sa a dwe bay notifikasyon yo mande dapre Seksyon IV.H.1.d nan regleman sa a.

#### **V. DEMAND POU AMANNMAN DOSYE AK PWOSEDI POU MANDE ALE ANNAPÈL**

- A. Si yon paran oswa yon elèv kalifye panse ke dosye edikasyon elèv la gen ladan I enfòmasyon ki pa kòrèk, ki ka twonpe moun, oswa k ap vyole dwa elèv la genyen pou konfidansyalite, li kapab mande pou amande dosye a. Si paran an oswa elèv elijib la ap chèche fè amande dosye edikasyon an, men se pa dwe dosye dyagnostik pou resevwa sèvis edikasyon espesyal, yo fèt pou fè lekòl la oswa biwo kote yo kenbe dosye yo demand sa a. Si y ap chèche fè amande dosye kote yo dyagnostike pou resevwa edikasyon espesyal yo, yo fèt pou soumèt demann lan ba Prezidan Komite Edikasyon espesyal la Council on Special Education (CSE) oswa ba reprezantan li. Paran an oswa elèv elijib la fèt pou fè yon lèt ki genyen enfòmasyon sa yo:
  1. enfòmasyon yo deklare ki pa kòrèk la, ki ka twonpe moun, oswa k ap vyole dwa elèv la genyen pou konfidansyalite;
  2. dosye edikasyon ki gen enfòmasyon ke paran an oswa elèv elijib la panse ki pa kòkèk la;
  3. rezon ki fè y ap fè demand lan (sa vle di, poukisa li panse ke enfòmasyon an pa kòrèk, ka twonpe moun, etc); ak
  4. chanjman paran an oswa elèv elijib la pwopoze pou yo fè.
- B. Prezidan an, direktè biwo a oswa direktè lekòl la oswa reprezantan I, ap evalye demann lan, epi l ap pran yon desizyon sou kenz (15) jou lekòl apati dat li resevwa demann lan. Li kapab modifye oswa efase enfòmasyon ki nan dosye elèv la si sa nesesè. Lè yo elimine, chanje oswa efase yon enfòmasyon, sa pa vle di ke yo dakò ke enfòmasyon an pa te kòrèk oswa moun lan pa te byen mete enfòmasyon an nan dosye a
- C. Moun k ap evalye dosye a ap bay paran an oswa elèv elijib la yon repons sou sa I mande a alekri pou amande dosye yo, epi, l ap eksplike rezon ki fè li pran desizyon li

- pran an. Si moun k ap evalye dosye a refize tout sa yo mande l fè a oswa yon pati, desizyon l ap ekri li pran an dwe genyen avi konsènan dwa paran oswa elèv elijib la genyen pou mande ale annapèl ak mande yon jijman san patipri.
- D. Si moun k ap evalye dosye a refize tout sa yo mande l fè a oswa yon pati, oswa si l pa rive pran yon desizyon nan peryòd tan limit yo tabli a, yon paran oswa elèv elijib la kapab mande Superintendent kominotè a oswa Superintendent pou lekòl segondè a, yon jijman fòmèl san patipri sou ven (20) jou lekòl apati dat yo te pran move desizyon an oswa apati moman yo pa te pran okenn desizyon.
  - E. Fonksyonè k ap fè jijman san patipri a ka nenpòt moun ki pa gen yon enterè nan rezulta k ap soti nan pwosedi a.
  - F. Yo fèt pou fè jijman san patipri a nan yon delè tan rezonab apati dat yo resevwa demann lan men li pa dwe plis pase ven (20) jou apre, Epi yo dwe avèti paran an oswa elèv kalifye a sou dat, kote ak lè y ap fè jijman an byen bonè alavans
  - G. Yo fèt pou yo bay paran an oswa elèv elijib la san patipri tout opòtinite pou l prezante prèv apwopriye sou pwoblèm yo konsidere nan demand dapèl la, e pi li ka fè moun li vle ede l oswa reprezante l pou l peye ak pwòp lajan l, paegzanp li gen dwa pran yon avoka. Li pa nesesè pou yo konsève okenn dosye ofisyèl sou jijman san patipri a. Sepandan, fonksyonè k ap fè jijman an dwe pran ase nòt sou temwayaj li tande a ak sou prèv yo prezante l yo defason pou l prepare alekri sa l konkli. Desizyon fonksyonè k ap fè jijman an fèt pou baze sèlman sou prèv yo prezante l nan jijman an.
  - H. Fonksyonè k ap fè jijman an fèt pou mete omwen nan rapò alekri l ap fè a, yon rezime sou prèv ak rezon ki fè li pran desizyon an, epi li dwe pibliye l sou katòz (14) jou kalandriye apati dat li fini jijman an.
  - I. Si fonksyonè k ap fè jijman an detèmine ke enfòmasyon ki nan dosye edikasyon an pa kòrèk, ka twonpe moun, oswa ap vyole dwa elèv la genyen pou konfidansyalite, li fèt pou l mande moun ki te evalye dosye a pou amande l kòmsadwa, epi pou l enfòme alekri paran oswa elèv kalifye a sou amannman ki fèt la. Desizyon fonksyonè k ap fè jijman an se yon desizyon final.
  - J. Si fonksyonè k ap fè jijman an detèmine ke enfòmasyon ki nan dosye edikasyon an kòrèk, li pa p fè moun twompe yo, oswa pa p vyole dwa elèv genyen pou konfidansyalite, fonksyonè k ap fè jijman an fèt pou enfòme paran an oswa elèv la sou dwa yo genyen pou yo mete nan dosye a yon remak sou enfòmasyon yo konteste a, oswa pou yo deklare poukisa li pa dakò ak desizyon fonksyonè k ap fè jijman an, oswa fè toude. Si yo mete deklarasyon sa a ke paran an oswa elèv la fè nan dosye edikasyon elèv la, yo dwe konsève deklarasyon an ansanm avèk pati yo pa dakò nan dosye a a pandan tout tan ke yo konsève dosye a, epi yo dwe revele deklarasyon sa a nenpòt lè yo revele pati nan dosye a ki gen rapò ak deklarasyon sa a.

**VI. TRANSFÈ DOSYE EDIKASYON**

Lè fonksyonè lekòl yo transfere dosye elèv yo ba yon lòt lekòl oswa ba yon biwo oswa yon enstitisyon edikasyon, li pa obligatwa pou paran an oswa elèv kalifye a bay konsantman I. Sepandan, fonksyonè lekòl yo fèt pou fè yon jan pou eseye avize paran an oswa elèv kalifye a ke yo divilge dosye a, amwenske paran oswa elèv kalifye a te fè demann lan oswa yo te mete nan avi anyèl lekòl la ke lekòl la te voye dosye edikasyon yo ba lòt biwo oswa ba lòt enstitisyon kote elèv la ap chèche oswa panse enskri lki te mande dosye yo oswa deja enskri depi lontan jistan divilgasyon an pou objektif ki gen rapò avèk enskripsyon oswa transfè elèv la. Y ap voye ba paran an oswa elèv elijib la yon kopi dosye yo lè yo mande. Lè sa a yo dwe bay paran an oswa elèv elijib la opòtinite pou kontwole ak konteste dosye yo te revele yo. Anvan yo transfere yon dosye pedagojik, direktè lekòl la oswa reprezantan apwopriye a fèt pou revize dosye a, epi retire tout enfòmasyon ki pa valab ankò oswa ki pa nesesè.

**VII. AVI SOU EGZIJANS FERPA**

Selon FERPA, administrasyon lekòl yo fèt pou voye avize paran ak elèv elijib chak ane sou dwa yo genyen konsènan dosye elèv. Distribisyon chak ane Pwojè Lwa sou dwa ak responsabilite paran Bill of Parent Rights and Responsibilities ak Pwojè Lwa sou dwa ak responsablitè elèv Bill of Student Rights and Responsibilities, ki genyen enfòmasyon obligatwa konsènan FERPA, ap satisfè egzijans pou voye avi a. Ou kapab jwenn kopi Parent Bill la sou Entènèt nan sit wèb Depatman an

<https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/parents'-bill-of-rights-for-data-privacy-and-security> oswa nan Division of Family and Community Engagement,

52 Chambers Street, Room 108, New York, NY 10007, (212) 374-4118,  
FACE@schools.nyc.gov. Yo mete Lwa sou Dwa Elèv nan dokiman Discipline Code la epi w ka jwenn li tou nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/discipline-code>

**VIII. KONSEVASYON, KONPILASYON AK ELIMINASYON DOSYE****A. Plan Leta pou konsève ak detwi dosye**

SED avèk sipò Achiv Leta Nouyòk, pibliye yon Plan detaye pou konsève ak detwi dosye. Dokiman, Records Retention and Disposition Schedule ED-1, revize an 2004, yo ka jwenn li nan sit wèb Achiv leta a nan

[http://www.archives.nysesd.gov/records/retention\\_ed-1](http://www.archives.nysesd.gov/records/retention_ed-1) sou fòm PDF. Ou dwe tcheke Plan ED-1 an pou detèmine kantite tan minimòm ke fonksyonè distri lekòl yo dwe konsève kèk dosye anvan yo ka detwi yo dapre lalwa.

Tout enfòmasyon konsènan sistèm achiv DOE ak pwosedi ki gen rapò avèk li disponib nan : <https://infohub.nyced.org/nyc-doe-topics/Policies/doe-records-archiving>

**B. Garanti Konfidansyalite Dosye lekòl**

1. Sant Sèvis entegre (Integrated Service Center, ISC), biwo Sipètentandan yo ak ak

lòt dosye konfidansyèl dwe pran mezi pou pwoteje konfidansyalite dosye sa yo lè y ap konsève yo nan lokal yo oswa lè y ap detwi yo oswa mete yo yon depo. Yo dwe aplike mezi sa yo e pou enfòmasyon sou elèv e pou enfòmasyon pèsonèl sou anplwaye, paegzanp nimewo Sekirite sosyal, nimewo dosye, enfòmasyon konsènan sante, enfòmasyon sou kont bank, elatriye. Tout anplwaye DOE dwe pran anpil prekosyon lè y ap jete fatra chak jou pou fè sèten yo byen aplike règleman pou jete enfòmasyon konfidansyèl.

2. Chak lekòl, chak CSE ak biwo DOE dwe fè sèten yo byen detwi oswa byen konsève dosye. Direktè a, chèf biwo oswa lòt reprezantan administratè a, oswa sipèvizè lekòl la dwe fè sèten ke yo byen konsève dosye yo annòd, epi jije si yo dwe detwi yo oswa voye mete yo nan depo. Li dwe siyen tou yon fòm pou detèmine dosye yo detwi yo, epi garanti ke yo te swiv pwosedi apwopriye pou garanti konfidansyalite. Yo dwe konsève fòm pou detèmine dosye yo detwi yo nan lokal oswa nan biwo lekòl la.
3. Lè y ap detwo dosye ki gen enfòmasyon konfidansyèl, yo dwe dechire yo pou fè sèten yo detwi enfòmasyon konfidansyèl yo. Yo fèt pou make kòmsadwa bwat pou jete dosye yo, epi yo dwe mete etikèt sou sa ki gen dosye elèv yo pou endike se dosye elèv yo gen pou jete yo. Estaf yo deziye pou sa ta dwe kontakte Field Support Center pou ede fè aranjman pou fason y ap dechire dokiman yo.
4. Nan mezi posib, lekòl yo ta dwe konsève nan sit lekòl la tout dosye elèv pou omwen 10 zan apre elèv la fin gradye oswa rive laj 27 lane, kèlkeswa sa k rive pi ta a. Ansuit, pou ogmante kapasite pou estokaj bilding la, lekòl yo ka fè aranjman nan lòt lokal pou estoke dosye pèmanan pou elèv ki gradye oswa kite sistèm lekòl Vil Nouyòk la, akondisyon aranjman sa yo pa p chanje responsablite lekòl la pou dosye sa yo.<sup>6</sup> Yo dwe mete etikèt sou bwat ki gen materyèl pou achiv pou livrezon nan facilite pou estokaj pou asire yo prezève konfidansyalite epi dokiman sa yo ta ka soti fasilman ak efikazman nan yon tan pi ta a. Yo dwe mete yon etikèt byen pwòp sou bwat ki gen dosye elèv yo pou endike ke yo gen dosye elèv yo ladan yo. Yo dwe kenbe lis dokiman yo voye nan depo yo nan lekòl la Anplwaye lekòl la ke yo deziyen pou sa dwe kontakte Field Support Center pou fè aranjman pou fè vin chèche bwat yo pou mete nan depo yo, oswa pou al pran bwat yo nan depo yo.
5. Yo dwe gade nan Plan ED-1 lè y ap voye dokiman yo nan depo pou detèmine si yo dwe detwi yo alavni. Yo dwe konsève kèk dosye yo anpèmanans. Sepandan, yo ka detwi plizyè dosye lekòl sis ane apre elèv la fin diplôme, oswa li ta sipoze diplome nan lekòl segondè. Pou Depatman edikasyon, yo ta dwe detui dokiman yo jistan elèv la rive, pou minimòm, laj 27 lane. Si bwat yo te voye nan estokaj yo gen dosye yo ka detui nan yon dat pi ta, fòm sou deyò bwat la dwe endike yon dat destriksyon dosye a. Anplwaye yo deziyen nan lekòl la pou voye dosye nan

---

<sup>6</sup> Kèk pwojè pou dijitalizedosye elèv yo te kòmanse tou.

depo a dwe konsève yon kopi fòm lan.

Tanpri sonje: Yo pral konsève dosye edikasyon espesyal elèv ki gen andikap jiska ane elèv la vin gen 32 lane.

#### **IX. DOSYE ANSYEN ELÈV**

Ansyen elèv ki ta renmen genyen kopi dosye lekòl yo, oswa moun oswa ajans ki gen dwa gen dosye yo onon elèv la, dwe ekri lekòl kote elèv la te ye anvan an. Yo dwe mete nan demand lan otan enfòmasyon yo kapab jwenn, paegzanp, non ak adrès elèv la lè li te nan lekòl la, dat nesans li ak nimewo sekirite sosyal li, epitou dat li te nan lekòl la. Si lekòl la fèmen oswa si li pa egziste ankò, yo ta dwe mande dosye yo ak biwo Field Support Center apwopriye a. Moun ki fè demand lan ka kontakte tou Biwo pou Enskripsyon Elèv (Office of Student Enrollment, OSE).

#### **X. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Legal Services  
N.Y.C. Department of Education  
52 Chambers Street – Room 308  
New York, NY 10007  
Telefòn: 212-374-6888  
Faks: 212-374-5596



Department of  
Education

Regleman Chanselye A -820 (Chancellor's Regulations A- 820)-  
Dokiman siplemantè No. 1 - Paj 1 nan 2

**KONSANTMAN PARAN POU BAY ENFÒMASYON KI NAN DOSYE ELÈV**

Mwen, (ekri non elèv la ak lèt detache), \_\_\_\_\_, se  
paran/responsab (ekri non w avèk lèt detache) \_\_\_\_\_, (Dat  
nesans elèv la), \_\_\_\_\_, (# ID elèv la) \_\_\_\_\_, ki ale/te  
ale nan lekòl leta Vil Nouyòk (ane/peryòd tan) \_\_\_\_\_. Dènye lekòl li  
te ale te/se (non/adrès lekòl la ) \_\_\_\_\_ nan  
(borough) \_\_\_\_\_. Elèv la poko gen laj 18 ane.

Tanpri bay nenpòt lòt enfòmasyon ki ta ka ede nou jwenn dosye elèv la, (paegzanp, adrès oswa  
non l, si l diferan avèk sa ki nan dosye l nan moman li te nan lekòl la)

---

---

---

Mwen bay konsantman pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk divilge dosye elèv pitit mwen ki  
gen ladan (presize dosye):

---

---

pou: (bay non ak adrès moun, biwo oswa konpayi) \_\_\_\_\_

Rezon ki fè w mande pou yo divilge dosye a:

---

---

---

Siyati paran an \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_



Department of  
Education

Regleman Chanselye A -820 (Chancellor's Regulations A- 820)-  
Dokiman siplemantè No. 1 - Paj 2 nan 2

**KONSANTMAN ELÈV POU DIVILGE DOSYE L**

Mwen, (ekri non w avèk lèt detache) \_\_\_\_\_, (dat nesans)  
\_\_\_\_\_, (# ID elèv la) \_\_\_\_\_ te ale nan lekòl leta Vil  
Nouyòk nan (ane/peryòd tan) \_\_\_\_\_. Dènye lekòl mwen te ale te/se  
(non/adrès lekòl la ) \_\_\_\_\_ nan  
(borough) \_\_\_\_\_.

Mwen gen laj 18 ane omwen

Tanpri bay nenpòt lòt enfòmasyon ki ta ka ede nou jwenn dosye elèv la, (paegzanp, adrès oswa  
non l, si l diferan avèk sa ki nan dosye l nan moman li te nan lekòl la).

---

---

---

Mwen bay konsantman pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk divilge dosye elèv pitit mwen ki  
gen ladan (presize dosye):

---

---

---

pou: (bay non ak adrès moun, biwo oswa konpayi) \_\_\_\_\_

Rezon ki fè w mande pou yo divilge dosye a:

---

---

---

Siyati ansyen elèv la \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**AVI POU PARAN KI GEN GAD ELÈV LA POU ENFÒME L SOU DEMAND PARAN KI  
PA GEN GAD ELÈV LA FÈ POU GEN AKSÈ NAN DOSYE ELEV LA**

Chè (paran ki gen gad timoun lan) \_\_\_\_\_,

Nan (dat) \_\_\_\_\_ nou te resevwa yon demand pou gen aksè nan dosye elèv  
nan men (non moun ki fè demand la) \_\_\_\_\_ ki di li se paran ki pa  
gen gad (non elèv la) \_\_\_\_\_. Li vle pou :

- jwenn (oswa)
- gade dosye edikasyon pitit ou a

Sofsi lekòl la resevwa yon dokiman ki angaje l legalman oswa yon lòd tribinal ki di paran ki fè  
demann lan pa gen dwa gen aksè nan dosye edikasyon timoun lan, yo pral mete dosye sa yo  
disponib pou moun ki fè demand lan avan 45 jou apati dat nou resevwa demand lan ki se  
\_\_\_\_\_ (dat).

Tanpri kontakte \_\_\_\_\_ nan  
(telefòn) \_\_\_\_\_ si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,

\_\_\_\_\_  
Direktè, etc



Department of  
Education

Regleman Chanselye A-820 - Dokiman siplémentè No. 3 - Paj 1 nan 1

**KONSANTMAN ELÈV POU PARAN KA GEN AKSÈ NAN DOSYE ELÈV**

(Non elèv la) \_\_\_\_\_ (Klas li) \_\_\_\_\_  
(# ID elèv la) \_\_\_\_\_ (Dat nesans) \_\_\_\_\_

Mwen se yon elèv lekòl (non/nimewo lekòll) \_\_\_\_\_ epi mwen gen laj 18  
ane pou pi piti. Toutotan mwen kontinye ale lekòl, mwen otorize paran oswa responsab mwen

---

pou itilize tout dwa ki defini nan règleman sou aksè ak konfidansyalite nan dosye elèv, Règleman  
Chanselye A-820.

Yo dwe konsidere tout enfòmasyon yo bay moun ki site pi wo a tankou se mwenmenm yo bay yo

Siyati elèv la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_